# ALPAMIS DÁSTANINDAĞI ANTROPONIMLERDIŃ LINGVOMÁDENIY ANALIZI

**Seytjanova Gáwhar**
*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı*

**Annotaciya**: *Bul maqalada qaraqalpaq xalıq dástanlarında ushırasatuğın antroponimler - yağnıy adam atları, olardıń lingvomádeniy tábiyatı hám ruwxıy-kórkemlik funkciyaları talqılanadı. "Alpamıs" dástanı mısalında qaharmanlardıń atlarınıń xalıq dúnyaqarası, milliy oylaw hám áyyemgi túrkiy at qoyıw dástúrleri menen baylanıslılığın jarittiq. Sonday-aq, atlardıń sociallıq-turmıslıq, diniy hám estetikalıq qunı ilimiy kózqarastan talqılanadı.*

**Tayanish sózler:** *antroponim, qaraqalpaq dástanları, lingvomádeniyat, folklor, Alpamıs, Baybóri, Baysarı, at biliw, epos.*

## KIRISIW

Xalıq dástanları hárbir millettiń mádeniy yadı, tariyxıy sezimi hám ruwxıy dúnyası sáwlelengen biybaha yadgarlikler bolıp esaplanadı. Olar arqalı xalıqtıń áyyemgi turmıs tárzi, jámiyetlik qatnasıqları, ádep-ikramlılıq ideallari hám estetikalıq qádiriyatları áwladtan áwladqa ótip keledi. Túrkiy xalıqlar eposındağı batırlıq, sadıqlıq, watansúyiwshilik hám insanıy pazıyletler obrazlar arqalı ańlatıladı. Bul obrazlardıń eń áhmiyetli belgileri - olardıń atları. Sebebi hár bir at (antroponim) belgili bir máni, nıshan hám mádeniy júkke iye bolıp, xalıqtıń dúnyaqarasın bildiredi.

Qaraqalpaq xalqı folklorınıń tamırları ulıwma túrkiy epikalıq dástúrler menen tıǵız baylanısqan. "Qırıq qız," "Edige," "Qoblan," "Alpamıs" sıyaqlı dástanlar usılardıń qatarına kiredi. Olardıń arasında "Alpamıs" dástanı qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpesiniń oraylıq úlgisi bolıp esaplanadı. Dáslepki waqıtları awızeki atqarıw túrinde jaratılǵan bul epikalıq shıǵarma ásirler dawamında xalıqtıń tariyxıy hám ruwxıy tájiriybesin ózinde jámlegendir. Sonlıqtan, dástan tekstindegi antroponimler tek at emes, al xalıq oyınıń nıshaniy kórinisi bolıp tabıladı.

Antroponimlerdiń milliy-tariyxıy tiykarı.

Qaraqalpaq dástanlarındağı atlar xalıqtıń tariyxıy turmısın, dúnyaǵa kózqarasın hám jámiyetlik qatnasıqların tereńnen sáwlelendiredi. Bul atlar arqalı xalıq óziniń qaharmanlıq ideallarıń, diniy isenimin hám estetikalıq zawıqın sáwlelendiredi. Máselen, dástannıń bas bólimindegi Baybóri hám Baysarı sıyaqlı atlar xalıq oy-pikirindegi eki áhmiyetli qádiriyat - materiallıq abadanlıq hám ruwxıy qádiriyatlar arasındağı baylanıstı ańlatadı. "Bay" komponenti túrkiy xalıqlarda toqlıq, bereket hám abıray simvolı esaplansa, "bo'ri" - totemlik mániske iye, ol qúdiret, qorǵaw hám jawıngerlik tımsalı bolıp esaplanadı. Usı mániste "Baybóri" ataması xalıq sanasında kúsh-qúdiret hám basshılıq qábiletin ańlatadı.

Tap sol sıyaqlı, "Baysarı" atındaǵı "sarı" morfeması áyemgi túrkiy dereklerde "reńlilik," "shıray," "júzdiń nurlılıǵı" mánisin ańlatqan. Demek, Baysarı atı tek materiallıq baylıq emes, al gózzallıq, páklik hám adamgershilik tımsalı sıpatında qáliplesken. Bul atlar xalıqtıń at jaratıw dástúrleri arqalı obraz dóretiw usılın da kórsetedi.

"Alpamıs" atamasınıń lingvokulturallıq talqılawı.

Qaraqalpaq xalıq eposındaǵı eń oraylıq obraz - Alpamıs. Bul atama tek ǵana qaharmannıń atı emes, al pútkil dástannıń ruwxıy ózegin ańlatatuǵın rámziy sóz bolıp esaplanadı. Lingvistikalıq jaqtan "Alpamıs" so’zi batiqliqti, ma’rtlikti bildiredi.

Sonıń ushın "Alpamıs" ataması máni jaǵınan "batır hám aman qalıwshı," "márt qaharman," "márt hám qutlı shaxs" degen mánilerdi ańlatadı. Bul at xalıq sanasındaǵı ideal insan - eldi qorǵawshı, haq hám ádillikti tiklewshi, dini hám ana jurtın qorǵawshı qaharman tımsalına aylanǵan.

Bul atama arqalı xalıqtıń lingvokulturallıq oy-pikiri ayqın kórinedi. Yaǵnıy, atama tek atama emes - ol ruwxıy kod bolıp esaplanadı. Alpamıs degende xalıq:

• el ushin janın pidá etetuǵın márt insandı;
• shańaraqqa hám wádesine sadiq erdi;
• óz qádir-qımbatın qorǵay alatuǵın shaxsti;

kóz aldına keltiredi.

Demek, "Alpamıs" sózinde xalıqtıń milliy sanasındaǵı eń áhmiyetli qádiriyatlar - márdikarlıq, sadıqlıq, ádillik hám watansúyiwshilik jámlengen.

Antroponimlerdiń sociallıq hám ruwxiy funkciyası.

Qaraqalpaq dástanlarındaǵı atlar tek ǵana belgilew quralı emes, al sociallıq máni kóteriwshi birlik sıpatında da kórinedi. Olar arqalı qaharmannıń jámiyettegi ornı, násil dáregi, erk-ıqrar qásietleri sáwlelendiriledi. Máselen, "Baybóri" - el arasında abıraylı, basshılıq qábiletine iye insan; "Baysarı" - múlayım, biraq joqarı oyshıl shaxs sıpatında súwretlenedi.

Bunday atlar xalıqtıń at arqalı insanǵa ruwxıy wazıypa júklew dástúrin sáwlelendiredi. Yaǵnıy hár bir atama belgili bir ruwxıy "missiya"nı ańlatadı: Alpamıs - mártlikti, Barshın - gózzallıqtı hám páklikti, Baybóri - kúsh hám dáwletti, Baysarı - pikirlewdi ańlatadı. Usılayınsha antroponimler dástannıń estetikalıq hám ideyalıq júgin kóterip turadı.

Lingvo-mádeniy qatlam hám simvolikalıq mániler.

Antroponimlerdiń mádeniy semantikasında xalıqtıń dúnyaqarası, isenimi hám tábiyatqa qatnası jámlengen. Máselen, "Bo’ri" totem sıpatında kóp xalıqlarda qorǵawshı, aqıllı haywan sıpatında qabıl etilgen. Bul totem qaraqalpaq hám basqa da túrkiy xalıqlardıń sanasında qáwimniń baslanǵısh ataǵı, eldi saqlawshı ruwxıy kúsh sıpatında kórinedi. Sol sebepli "Baybóri" ataması tek adam ataması emes, al urıwdıń totemlik belgisi sıpatında da xızmet etedi.

Sonday-aq, "Shaxımardan pir," "Dabanbiy" sıyaqlı atlar dástannıń diniy hám mifologiyalıq qatlamın ashadı. Olarda xalıqtıń Alla hám muqaddes zatlarǵa bolǵan isenimi, jaqsı niyet penen perzent soraw yamasa mámleket tilew dástúri kórsetiledi. Bul atamalar arqalı xalıqtıń duwa hám úmitke tiykarlanǵan ruwxıy mádeniyatı kórsetiledi.

**JUWMAQ**

Qaraqalpaq xalıq dástanlarındağı antroponimler - bul tek ǵana til birlikleri emes, al xalıqtıń tariyxıy oy-pikirin, ruwxıy dúnyasın hám mádeniy qádiriyatların bildiriwshi semiotikalıq belgi bolıp tabıladı. Olar arqalı xalıqtıń tábiyatqa, jámietke, din hám isenimge bolǵan múnásibeti, dúnyaqarası hám estetikalıq idealları ayqın kórinedi.

Dástan qaharmanlarınıń atları xalıq sanasında belgili bir ruwxıy wazıypanı atqaradı: hár bir atama belgili bir ideyanı, adamgershilik pazıyletti ańlatadı. Máselen, "Baybóri" atı qúdiret hám basshılıq belgisi bolsa, "Baysarı" páklik hám ziynetti ańlatadı; "Alpamıs" bolsa xalıqtıń mártlik, sadıqlıq hám adamgershilik idealın jámlestirgen oraylıq antroponim sıpatında ajıralıp turadı. Bul atama tek ǵana qaharmannıń jeke belgisi emes, al pútkil túrkiy dúnyadağı qaharmanlıq koncepciyasınıń tiykarǵı belgisi bolıp esaplanadı.

Sonıń menen birge, qaraqalpaq dástanlarındağı antroponimler jámiyettiń tariyxıy dáwirlerinde júz bergen sociallıq ózgerislerdi de ańlatadı. Máselen, dástanlarda qollanılǵan "biy," "shayır," "pir" sıyaqlı atamalar xalıqtıń sociallıq dúzilisi, diniy isenimi hám ruwxıy ortalıǵın ashıp beredi. Bul atamalar arqalı xalıqtıń áyyemgi totemizm, keyin ala islam hám aǵartıwshılıq kózqarasları úylesimlilikke ie bolǵanı kórinedi.

Antroponimler arqalı xalıq óz ármanın, idealın hám árman etken shaxs tımsalın jaratqan.

Alpamıs - bul real shaxs emes, al milliy ideyanıń kórinisi, xalıq sanasındağı eń joqarı mártlik tımsalı. Onıń atı - awızeki dóretiwshilik arqalı ásirler dawamında saqlanıp kelgen mádeniy miyrastıń yadrosı bolıp esaplanadı. Usı mániste, "Alpamıs" tek ǵana ádebiy qaharman emes, al xalıqtıń ruwxıy kelbeti, ózligin ańlaw simvolı sıpatında kórinedi.

Qaraqalpaq dástanlarındağı antroponimlerdiń bunday bay ruwxıy qatlamları olardı tek leksikalıq emes, al mádeniy fenomen sıpatında izertlew zárúrligin kórsetedi. Bul atamalar arqalı biz xalıqtıń tek ǵana tilin emes, al onıń tariyxıy yadın, jámietlik oy-pikirin hám ruwxıy qádiriyatlar sistemasın da túsinemiz.

Sonlıqtan, antroponimler lingvokulturologiyalıq tallawdıń eń áhmietli obyekti sıpatında xızmet etedi. Olar xalıqtıń mádeniy miyrasın keleshek áwladlarǵa jetkeriwde, milliy ózlikti saqlawda hám til arqalı ruwxıy qádiriyatlardı tiklewde sheksiz áhmiyetke iye.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq dástanlarındağı antroponimler - xalıqtıń tili, mádeniyatı hám ruwxıy oy-pikiriniń únlesligin sáwlelendirgen kórkem hám ruwxıy ǵáziyne bolıp tabıladı. Ásirese, "Alpamıs" ismi túrkiy dúnya kóleminde xalıqtıń batırlıq hám ádillik idealın jámlegen milliy simvol sıpatında máńgi qádirge iye.

**PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:**

1. N.Dawqaraev atındağı tariyx, til hám ádebiyat instituti "Qaraqalpaq folklorı" VII tom. (Alpamıs dástani) Qaraqalpaqstan baspasi; Nókis-1981.

2. Ózbekiston respublikasi fanlar akademiyasi alisher navoiy nomidagi til va adabiyot instituti "Alpamıs" Tashkent-1998

3. "Ismlar manosi" kitabi, Tashkent-2013